



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSE KONSTRIKSYON REYABILITASYON LOJMAN KI GEN 191 INITE NAN SYRACUSE

*Plwojè devlopman 107 milyon dola konplete plan pou revitalize katye East Adams lan ak demolisyon transfòmatif Vyadik I-81 an*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nan kad reyabilitasyon Almus Olver Towers, yon pwojè 107 milyon dola ki gen 191 inite lojman piblik ki fè pati Plan Transfòmasyon Katye East Adams lan nan vil Syracuse, ki konplete demolisyon vyadik Interstate 81 an lè li revitalize yon zòn ki gen 27 blòk ak rekonekte katye yo sou chak bò vyadik la. Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renovèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la te kreye oswa prezève 3,000 lojman nan pri abòdab nan Konte Onondaga. Almus Olver Towers kontinye efò sa a ak konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a.

"Pandan n ap avanse ak demolisyon vyadik I-81 ke yo t ap tann depi lontan an nan Syracuse, reyabilitasyon Almus Olver Towers adapte vizyon pi laj nou an pou rekonekte kominote yo ki te separe pandan plizyè deseni pa beton otowout yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman transfòmatif 107 milyon dola sa a pral revitalize yon poto mitan nan katye East Adams la, modènize rezèv lojman piblik vil la, epi kreye nouvo opòtinite lojmaèn abòdab pou Nouyòkè aktyèl ak alavni yo."

Konstwi an 1963, McCormack Baron Salazar, Inc. ap reyabilite bilding 12 etaj la an patenarya ak Otorite Lojman Syracuse (Syracuse Housing Authority) la. Yo pral mete apa tout apatman yo nan Almus Olver Towers pou fwaye ki touche jiska 60 pousan nan Revni Mwayèn Zòn (Area Median Income, AMI) lan epi yo pral kontinye loje prensipalman granmoun aje ki gen laj 55 an oswa plis, ak moun k ap viv ak andikap yo.

Renovasyon nan Almus Olver Towers pral gen ladan ogmante kantite total inite yo soti nan 184 a 191, amelyore zòn komen, kwizin, twalèt, ak fasad la, ranplase twati bilding lan, ak konstwi yon paviyon deyò ak yon zòn syèj pou rezidan yo.

Devlopman ki konplètman elektrik ki trè efikas an enèji a fèt pou satisfè nòm Enterprise Green Communities yo, ak mezi efikasite ki gen ladan sistèm chofaj, refwadisman ak sistèm dlo cho domestik ki totalman elektrik ki gen enstalasyon yon sistèm jewotèmik.

Finansman Eta pou reyabilitasyon Almus Olver Towers enkli Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman ki pral jenere 53 milyon dola nan fon pwòp; ak 33 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk la. Devlopman an benefisye tou de plis pase 3.2 milyon dola nan Inisyativ Enèji Pwòp, yon patenarya ant HCR ak NYSERDA ki alinye devlopman ak prezèvasyon lojman abòdab ak tranzisyon abòdab ak jis Nouyòk la ak yon ekonomi enèji pwòp.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Patenarya nou ak Otorite Lojman Syracuse la sou reyabilitasyon Almus Olver Towers ki koute 107 milyon dola non sèlman prezève 191 apatman pou Nouyòkè vilnerab yo, men li kontribye tou nan ranvèsè plizyè deseni segregasyon ak sou-investisman nan rezèv lojman piblik nou an. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, n ap ofri opsyon lojman abòdab, modèn, efikas an enèji, ak ekita pou kominote yo atravè Nouyòk."

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk Marie Therese Dominguez te deklare,** "Pandan n ap pwoche pi pre retire otowout eleve ki te divize Vil Syracuse la pandan twò lontan, n ap non sèlman retabli limyè nan kominote sa a nan sans literal, men n ap eklere lavni pou moun k ap viv nan lonbraj vyadik la. Pandan n ap travay pou rekonekte kominote yo ki te koupe akòz enfrastrikti aje a, n ap amelyore aksè ak debloke nouvo opòtinite pou kwasans. Investisman Gouvènè Hochul nan reyabilitasyon Alma Olver Towers chita sou efò sa yo epi asire tout moun gen opòtinite pou yo pwospere."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Jodi a, nou franchi yon lòt etap nan direksyon pou transfòme rezèv lojman abòdab Nouyòk la an yon vi pwòp, modèn ak konstriksyon ki kòmanse nan reyabilitasyon Almus Olvers Towers la. Devlopman sa a pral prezante amelyorasyon ki trè efikas, tankou chofaj ak refwadisman elektrik, epi kreye opòtinite pou plis fanmi nan katye East Adams Syracuse la benefisye espas ki pi an sante, ki pi konfòtab."

**Manm Asanble Pam Hunter te deklare,** "Renovasyon Almus Olver Towers reprezante yon investisman enpòtan nan fiti Syracuse, pou asire fanmi yo gen aksè ak lojman abòdab ki an sekirite, modèn ak efikas an enèji. Lè yo enkòpore karakteristik dirab tankou chofaj jewotèmik ak amelyorasyon aksesibilite, pwojè sa a non sèlman revitalize kay ki egziste deja yo, men tou redwi anprent kabòn nou an, ankouraje yon kominote ki pi an sante ak pi dirab pou ane k ap vini yo. Mwen fyè pou m sipòte efò transfòmasyon sa a kòm yon pati nan angajman ki pi laj pou revitalize katye East Adams la ak agrandi opsyon bon jan kalite lojman pou Nouyòkè Santral yo."

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh, te deklare,** "Jodi a, n ap selebre pwogrè pou amelyore lojman ak kalite lavi nan katye East Adams lan. Pwojè Almus Olver Towers la pral bay lojman ki an sekirite, aksesib epi abòdab pou kèk nan rezidan vil ki pi vilnerab nou yo san yo pa oblije deplase moun ki rete deyò bilding lan. Li pral tou kreye lojman

nou tout ka fyè de li nan enkòpore karakteristik enèji efikas ak dirab ki pral amelyore kondisyon lavi yo ak ekonomize lajan lokatè yo. Mwen rekonesan anvè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la poutèt li te prezève lojman abòdab nan Syracuse, ak Otorite Lojman Syracuse la ak McCormack Baron Salazar pou travay yo sou yon pwojè ki pral pave wout pou pi gwo efò redevlopman nou yo nan East Adams."

**William J. Simmons, Direktè Egzekitif Otorite Lojman Syracuse la, te deklare,**  
"Renovasyon sa a plis pase brik ak mòtye. Li gen pou wè ak onore rezidan nou yo ak asire yo gen yon kote ki an sekirite, modèn, ak diy pou rele lakay yo. Nou fyè pou n travay ansanm ak patnè nou yo pou prezève lojman ki abòdab epi franchi yon etap pi pre yon kominote East Adams ki pi solid, ki plis konekte, epi ki pi revitalize."

**Ko-fondatè ak Prezidan McCormack Baron Salazar, Richard Baron, te deklare,**  
"Nou fyè pou nou kòmanse patenarya nou ak Otorite Lojman Syracuse la ak Vil Syracuse ak renovasyon Almus Olver Towers la. Nou rekonesan tou anvè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la pou angajman enpresyonan yo nan kad pwojè sa a ak nan transfòmasyon East Adams nan yon sans ki pi laj."

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Bidjè adopte ane fiskal 2025 la te ranfòse tou Pwogram Kominote ki an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) ke Gouvènè a te lanse an 2023. Sètifikasyon Kominote an Favè Lojman an se yon egzijans kounye a pou jwenn aksè nan jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl. Jiska jodi a, gen plis pase 300 kominote ki te sètifye, ki enkli Vil Syracuse.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)